

Escherichia coli ki Pwodwi Toksin Shiga (Shiga Toxin-producing Escherichia coli, STEC)

Kisa Escherichia coli ki pwodwi Toksin Shiga ye (STEC)?

Escherichia coli (ke yo rele tou *E. coli*) se bakteri ki nòmalman viv nan entesten moun ak bèt tankou bèf. Pifò souch bakteri *E. coli* yo pa lakòz maladi. Sepandan souch ki pwodwi toksin yo ka mennen maladi. Tip *E. coli* ki plis kouran ki pwodwi toksin nan rele *E. coli* ki pwodwi toksin Shiga (STEC). *E. coli* O157:H7 se tip STEC ki plis kouran, men genyen lòt tou.

Kilès ki trape STEC?

Tout moun ka trape yon enfeksyon STEC, men jèn timoun yo, adilt ki aje yo, ak moun ki gen sistèm iminitè ki afebli yo gen plis chans pou fè maladi ki grav.

Kijan STEC pwopaje?

STEC dwe antre nan bouch la pou lakòz enfeksyon an. Moun ak bèt ki enfekte ak STEC yo te twalèt bakteri a nan matyè fekal yo (poupou). Apresa matyè fekal yo ka kontamine sifas, manje, oswa dlo. Moun ka vin enfekte lè yo touche sifas ki kontamine yo, lè yo trape bakteri a nan men yo epi apresa ki mete men yo nan bouch yo, oswa lè yo manje aliman ki kontamine oswa bwè dlo ki kontamine. Moun ki jere manje epi ki vin enfekte yo ka kontamine manje si yo pa byen lave men yo aprè yo fin ale nan twalèt la epi ki jere manje ke lòt moun manje. Epiou bakteri a ka pwopaje nan anviwònman tankou sant gadri yo, kote men yo vin kontamine lè y ap chanje daypè yo ka pwopaje maladi a.

STEC te asosye avèk moun ki manje pwodwi ki kontamine yo, tankou bèf rache ki pa kwit ase, pwodwi kri (tankou jèm, leti, ak zepina), oswa pat kri oswa pat pou fri, oswa ki bwè lèt oswa ji ki pa pasterize (kri). Li te asosye tou avèk moun k ap naje nan dlo ki te kontamine avèk poupou. Kapab gen pwopagasyon de bèt a moun lè yo touche sifas oswa bèt ki kontamine yo (tankou pandan fwa agrikòl, zoo pou timoun, oswa vizit nan fèm yo) epi apresa ki mete men yo nan bouch.

Ki sentòm enfeksyon STEC yo?

Kèk moun ki te ekspoze ak STEC yo pa tonbe malad. Lòt moun devlope kranp nan vant ak dyare ki gen san. Epiou sentòm yo ka gen ladan vomisman, lafyèv, ak frison. Nan ka ki grav yo, enfeksyon an ka andomaje ògàn, tankou ren yo.

Nan konbyen tan aprè ekspozisyon an sentòm yo parèt?

Sentòm yo ka parèt nenpòt lè soti youn jiska dis jou aprè ekspozisyon an, men an jeneralman apeprè twa jiska kat jou aprè ekspozisyon an.

Kijan yo dyagnostike STEC?

Tès laboratwa espesyal nan yon echantiyon pou pou nesesè pou konfime ke yon moun te enfekte avèk STEC.

Ki tretman ki genyen pou STEC?

Moun ki gen dyare yo ta dwe bwè anpil likid pou anpeche dezidratasyon. Pifò moun amelyore nan lespas yon semèn san konsiltasyon yon medsen, men li enpòtan pou tout moun ki gen dyare san yo chèche swen medikal. Yo pa ta dwe itilize antibyotik oswa medikaman ki kanpe dyare yo (tankou, Imodium).

Kijan yo ka prevni enfeksyon STEC la?

Yo ka prevni enfeksyon STEC la pandan y ap pran prekosyon sa yo:

- Pa janm manje vyann bèf ke anndan yo pa kwit oswa ki pa kwit ase.
- Kwit bèf rache ak vyann kochon yo nan yon tanperati entèn minimòm 160°F.
- Kite vyann ki pa kwit anndan yo separe de vyann ki prè pou manje yo.
- Lave men, kontwa, materyèl kizin, ak asyèt yo aprè yo te fin antre an kontak ak vyann kri yo.
- Toujou mete pwodwi vyann yo nan frijidè.
- Pa janm kite vyann kri yo nan tanperati anbyan.
- Pa bwè lèt, pwodwi abaz lèt, ji fwi, oswa sid ki pa te pasterize.
- Toujou lave fwi oswa legim kri yo anvan ou manje yo.
- Toujou byen lave men anvan ak aprè w fin prepare manje.
- Lave men w aprè kontak avèk bèt yo epi aprè ou fin vizite fèm, zoo pou timoun, ak fwa agrikòl yo.
- Toujou byen lave men w ak savon ak dlo tyèd aprè w fin itilize twalèt la oswa aprè w fin chanje daypè.
- Netwaye epi dezenfekte zòn ki gen daypè yo, twalèt, ti chèz twalèt pou timoun, jwèt, elatriye omwen chak jou ak lè yo sal.
- Asire ke timoun yo byen lave men yo, sitou aprè yo fin itilize twalèt la oswa aprè yo fin touche bèt yo.
- Pa itilize etablisman piblik pou naje yo lè ou gen dyare.
- Evite vale dlo ki soti nan yon pisin oswa lòt espas dlo rekreyatif yo.

Pandan konbyen tan yon moun ki enfekte ka pote STEC?

Yon moun ki enfekte ka pwopaje maladi a bay lòt moun pandan tout tan bakteri a rete nan pou pou a (an jeneral yon semèn, men jiska twa semèn lakay timoun yo).

Èske yo ta dwe ekskli yon moun ki enfekte de travay oswa de lekòl li?

Li pi bon pou rete lakay ou lè w gen dyare. Depatman sante a pral bay konsèy sou chak sitiyasyon kote moun ki gen enfeksyon STEC a se yon moun ki manipile manje, yon travayè swen sante, yon anplwaye nan gadri, oswa yon patisipan nan gadri. Yo

kapab pa otorize kèk moun pou retounen nan gadri oswa nan travay jiskaske genyen de prelevman ki pou pou teste negatif pou bakteri a.

Kijan m ka jwenn plis enfòmasyon sou STEC?

- Si ou gen enkyetid sou maladi a, kontakte founisè swen sante ou an.
- Rele departman sante lokal ou an. Yon anyè departman sante lokal yo disponib nan <http://www.vdh.virginia.gov/local-health-districts/>.
- Vizite sit entènèt Sant pou Prevansyon ak Kontwòl Maladi a nan <http://www.cdc.gov/ecoli/>.

Septanm 2018